



EXECUTIVE OFFICE OF HEALTH AND HUMAN SERVICES
COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS
 OFFICE OF MEDICAID
 BOARD OF HEARINGS
 100 HANCOCK STREET, 6TH FLOOR
 QUINCY, MA 02171
 (617) 847-1200 oubyen (800) 655-0338
 FAKS (617) 887-8797, TDD / TTY (833) 591-0533

Enfòmasyon sou odyans ou an

Reprezantan yon dezyèm odyans (apèl) : Ou gendwa chwazi yon lòt moun pou l ede w nan odyans lan oubyen deziyen yon lòt moun avèk pèmisyon alekri pou l reprezante w.

Jiridik : Ou gen dwa pou w

- Gen yon avoka oubyen lòt ekspè ou peye oumenm. Pou w mande pou sèvis jiridik gratis, telefonnen tanpri sèvis kliyan MassHealth nan (800) 841-2900, TDD/ TTY : 711 ;
- Yon temwen k ap temwaye pou ou ;
- Yon entèprèt nou peye noumenm ;
- Yon akomodman rezonab ; epi
- Dat yon nouvo odyans. Si w gen bon rezon sou yon kesyon grav kifè ou pa ka vini nan odyans lan, se pou w kontakte Board of Hearings lan omwen yon jou anvan dat odyans lan. Si w manke chanje dat la oubyen w pa vini nan odyans lan san pa gen yon bon rezon ki dokimante, demann dezyèm odyans (apèl) ou a gendwa pa aksepte lè konsa.

Aksè nan dosye ka MassHealth la : Ni ou ni reprezantan nan odyans lan gen dwa pou n wè, anvan epi pandan odyans lan, dosye ka MassHealth ou a pou admisibilite e lòt enfòmasyon. Pou w mande dosye ka ou a, telefonnen sèvis kliyan MassHealth nan (800) 841-2900. Pou odyans otodontik, BeneCare ap voye ba ou, anvan dat odyans lan, yon kopi pake a nan imèl. Si de jou ouvrab anvan dat odyans ou an ou pa resevwa l, telefonnen alò BeneCare nan 844-MH-DENTL (844-643-3685). Pou sa ki konsène PCA, Home Health Service, oubyen DME, telefonnen Optum nan (844) 368-5184.

Men sa w dwe pote nan dat odyans lan : Pou dezyèm odyans lan (apèl la), se pou w pare tout dokiman, prèv, oubyen lòt enfòmasyon ou vle pou ofisye odyans lan e lòt pati yo konsidere. Si gen ase tan anvan odyans lan, voye dokiman ou yo bay Board of Hearings lan swa nan faks oswa nan adrès ki make anwo a. Ou ka voye dokiman ou yo tou nan imèl bay : **BOH-FairHearingSubmissions@mass.gov**. Sinon, se pou w mande ofisye odyans lan plis tan pou w soumèt enfòmasyon yo.

Pandan odyans lan : Ofisye odyans lan ap fè tout moun k ap temwaye yo prete sèman. Ofisye a ap anrejistre odyans lan tou pou ka konsève yon dosye ofisyèl. MassHealth ap eksplike aksyon li yo, oumenm oubyen reprezantan ou an ap eksplike poukisa ou pa dakò. Ou gendwa entewoje reprezantan MassHealth la e temwen yo tou.

Aprè odyans lan : Si dezyèm jijman ou an pa rezoud, ofisye odyans lan ap emèt yon desizyon alekri. Si w pa dakò avèk desizyon sa a, ou gendwa mande pou yon dezyèm jijman (fè apèl) nan tribinal.

Anile yon demann : Pou anile nenpòt ki lè demann ou fè a pou yon odyans san patipri, ou ka telefonnen n nan nimewo telefòn nou an ki make anwo a, voye yon lèt nan adrès ki make anwo a, oubyen voye yon imèl bay **BOH-Withdrawals@mass.gov**. Gen sèten apèl ki ka rezoud anvan dat odyans lan.

Sant enskripsyon MassHealth (MEC)

Ou ka ale oumenm nan sant enskripsyon MassHealth yo (MassHealth Enrollment Center) ki annapre la pou w prezan nan odyans lan oubyen pou w poze kesyon ou yo.

45 Spruce Street Chelsea, MA 02150	529 Main Street Charlestown, MA 02129	100 Hancock Street, 1 st Fl Quincy, MA 02171	88 Industry Ave, Suite D Springfield, MA 01104
21 Spring Street, Suite 4 Taunton, MA 02780	367 East Street Tewksbury, MA 01876	50 SW Cutoff, Suite 1A Worcester, MA 01604	